ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№230 (22.888) • 2014 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 25, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Дэ дыщІэлажьэр цІыхухэращ

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Ди газетым зэрытетащи, щэкІуэгъуэм и 21-м Социальнэ-экономикэ зыужьыныгъэр егъэфІэкІуэнымрэ Урысей Федерацэм и Президентым накъыгъэм къыдигъэкІа унафэхэм къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщІа зэрыхъумрэ якІэлъыплъыныкІэ КъБР-м и Іэтащхьэм деж щы-Іэ советым и зэІущІэ Правительствэм и унэм щыІащ.

АР къызэІуихащи Иригъэкіуэкіащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Юрий.** ЗэІущІэм и пэщІэдзэм абы къыхигъэщащ Советым щызэпкрахыну Іуэхугъэ ди республикэм зиужьныныкІэ зэрыпэрытыр.

- Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир «ЦІыхубэ фронтым» и лІыкІуэхэм иджыблагъэ щаІущІам къыхигъэщащ накъыгъэм къыдигъэкІа унафэхэр тепсэлъыхьыж лей хэмыту гъэзэщІапхъэу зэрыщытыр, сэри абыхэм гулъытэ хэха ягъуэтыпхъэу къысщохьу. Абы папщІэ зэщІэгъэуІуауэ, зэгъусэу дылажьэн хуейщ, - захуигъэзащ КІуэкІуэм къызэхуэсахэм.

ЗэІущІэм зэпкрыхауэ къыщытеувыІащ УФ-м и Президентым 2012 гъэм и накъыгъэм къэрал политикэм екъэлІауэ къыдигъэкІа указым и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэзэщІа зэрыщыхъуэм, Советым и зэІущІэм къыщищта протоколыр, УФ-м и Президенатым 2014 гъэм ищІа язныкъуэ унафэхэр зэрагъэзащІэм, апхуэдэуи дызэрыт илъэсым зэфІагъэкІахэмрэ зыхунэмыс къэнахэм я щхьэусыгъуэхэм.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и япэ къуэдзэ **Литовченкэ Татьянэ** и гугъу ищІащ КъБР-м Экономикэ зиужьныныгъэмкІэ министерствэм пщэрылъ щащІа къалэныр гъэзэщІа зэрыхъуам. 2014 гъэм къриубыдэу лъэщагъышхуэ зиІэ ІуэхущІапІэу минитІым нэблагъэ къызэрагъэпэщын хуейти, жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу 1958-рэ яІэщ, абы щыщу 1000-р щІэщ, кэнар илъэсым и кІэм нэблагъэху яубзыхуну я мурадщ.

Дызэрыт илъэсым и гъатхэпэ мазэм щыщІэдзауэ социально-экономикэ зиужьныныгъэм сэбэп хуэхъу унэтІыныгъэхэм хагъэхъуэн щІадзащ. Алхуэдэу, мы илъэсым промышленнэ ІуэхущІапІэхэм нэгъабэрейм елъытауэ хагъэхъуар проценти 110,3-рэ мэхъу, ухуэныгъэм - процент 128,5-рэ, мэкъумэш хозяйствэм проценти 100,3-рэ. Литовченкэ эи гугъу ищІа хэхъуэхэр цІыхухэм я бжыгъэм зимыхъуэжу, атІэ ялэжьыр нэхъыбэ ящІкІэрэ зрагъэхъулІащ. Промышленностым и хэхъуэр нэхъыбэу машинэ, Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыщІэхъкІыным теухуауэ щытащ, ар хуэдитІрэ ныкъуэжІэ хагъэхъуащ, гъупщІхэкІ къэзылэжьхэм хуэди 2,4-кІэ, щэжкІ къыщІэзыгъэжІ, дэрбзэр ІэнатІэм 1,9-кІэ хагъэхъуащ. Къэблагъэ зэманым лэжьыгъэм и лъэщагъым ди республикэм щрагъэжьэну заводхэм я фІыгъэкІэ хагъэхъуэну я мурадщ (гипс, рентген Іэмэпсымэ къыщІэзыгъэкІ ІуэхущІапІэхэр). Абы къищынэмыщІауэ, лэжьыгъэм хэзыгъэхъуэну Іыхьэхэм ящыщу хамэ щІыпІэ къраш мэкъумэш ерыскъыгъуэхэр ди къэралым кърашэну зэрыпаубыдар, абы и фІыгъэкІэ ди республикэм исхэм Іэщ гъэхъуным, хадэжкІ гъэкІыным нэхъыбэу зратыну щогугъ.

Къэрал управленэм и зэхэткІэр егъэфІэкІуэным и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэми и гугъу ищІащ Литовченкэ Татьянэ. Къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьабзэхэр зэгъэуІуауэ зы Іуэхущ Іапі эм цІыхум щагъуэтыныр 2015 гъэ щІэІондэ къыдэгъэпэщыныр Іэмал имыІэу къалъытащ. Мы зэманым ди республикэм къалэн куэд щагъэзащІэ ІуэхущІапІэхэр Налшык, Бахъсэн къалэхэм, Прохладнэ, Іущхьэмахуэ муниципальнэ куейхэм щолажьэ. Абыхэм цІыхухэм цыхуащІэ Іуэхутхьабзэхэм 2012 гъэ льандзрэр хэхъуэурэ мы гъэм 486-м нэсащ. Къалэн куэд зыгъэзащІэ ІуэхущІапІэм Іуэхутхьабзэ зэхуэмыдэхэр щызэфІагъэкІ, ахэр: мылъку зэхущытыкІэм, хьарычэт цІыкІумрэ ику итымрэ, социальнэ къызэрэпэщыныгъэ, Реестрым екъэлІа Іуэхутхьабзэхэр, нэгъуэщІхэри.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● АПК

Субсидиехэм папщІэ документхэр иджыри къыІах

Лышхуэ зыщІ былыму Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэхъуэхэм хэгъэхъуэным трагъэкІуэдэн папщІэ дызэрыт илъэсым къриубыдэу федеральнэ бюджетым и ахъщэу иджыри сом мелуан 19 хуэдиз къауТІыпщынущ. Абы теухуа зэгурыІуэныгъэ зэращІылІащ КъБР-м и Правительствэмрэ Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ.

СУБСИДИЕХЭР къызэрауТІыпщ хабзэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, мэкъумэш хозяйствэм ди лэжьакІуэхэм ящыщу лышхуэ зыщІ былым лъэпкъыфІхэр ягъэбэгъуэн папщІэ къэзыщэхухэм а Іуэхум трагъэкІуадэм и зэхуэдитІым нэблагъэр кІэралым яхуипшынынущ.

Апхуэдэ субсидиехэр къеІэызыхну зи мурадхэм я документхэм щІидзауэ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэр хоплъэ. Зи гугъу тщІы документхэр къыІахынущ 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м нэсыху.

САМЧЕНКЭ Светланэ,
КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

● Электросетхэр

Щызэблэу къэхъунукъым

УФ-м энергетикэмкІэ и министрым къуэдзэ Черезов Андрей Кавказ Ищхъэрэм и электросеть комплексыр бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым теухуа зэІущІэм къыщыхигъэщащ ток кІапсэхэр зэгъэпэщыжьным, уэгу линэхэр зыхуэзэ щІыпІэхэр гъэкъэбзэным хуэунэтІауэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфІагъэкІар.

«Къэббалъкъоммунэнерго» МУП-м мы гъэм и мазипщІым вольтышхуэ зыІыгъ уэгу кІапсэхэм зэран хуэхъу жьгъэр километр 45-м щІигъум щаухъуэнщІащ, чыцэхэр щагъэкъэбзащ. Нэгъабэ зэлэжьар километр 15-м нэсщ. КъызэрыгуэкІ кІапсэу километр 30,5-рэ фэ зытелъым хуэдэкІэ яхъуэжащ. Ар илъэс кІуам яхуэзфІэкІам хуэдищкІэ щІегъу. Вольтышхуэ зыІыгъ уэгу линэу яукъуэдийм хуэдипщкІэ хэхъащ. Киловатт 0,4-м тещІыхьа трансформатор подстанц 35-м къахэкІ электрокъарур фаэз щхьэхуэу зэщхьэщахащ, апхуэдэу я льэщагъым хагъэхъуэн папщІэ, токышхуэ зэкІуалІэ трансформаторипл1 ягъэІэпэхъащ.

ІэщІагъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, а Іуэхугъуэхэм я фІыгъэкІэ, бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм электросетхэм я лэжьыгъэр ныкъусаныгъэншэу ирахьэкІынущ, токыр щызэблэу къэхъунукъым.

«Къэббалъкъоммунэнерго» МУП-м и пресс-Іуэхущ Іапі эм.

ІуэхущІапІэм зрагъэубгъу

Цыхухэм къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьабзэхэр яхуэзыщІэ центрым и къудамэ куэд 2014 гъэм къриубыдэу республикэм и жылагъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыщызэІуахащ.

АПХУЭДЭ Іуэхущ Іапі эщІэхэр щылажьэу хуежащ Прохладнэ, Майскэ къалэхэм. Абы къыдэкІуэу мы Іэнатіэм и Іуэхутхьабзэхэр дзэыгъэкІ Іэщ Іагъэлу 11 Тэрч, Лэскэн, Шэджэм, Май районхэм я жылагъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм цІыхухэм щадолажьэ.

Центрым и Іуэхущ Іапі эхэр мыгувэу къыщызэІуахынущ Шэджэм, Шэрэдж, Дзэлыкъуэ районхэм. ЦІыхухэм я Іуэхур а псоми я фІыгъэкІэ нэхъ тынш зэрыхъунум къыдэкІуэу, лэжьапІэ Іэнатіэхэми къахэхъуэнущ. Иджыпсту центрым къелъыхъуэ Дзэлыкъуэ районым щыщ Приречнэ, Дзэлыкъуэдзэ, Къамлыкъуэ, Сэрмакъ, Малкэ, Къармэхьэблэ къуажэхэм щылэжьэну Іэщ ІагъэлІхэр.

УЭРКЪУАСЭ Каринэ.

Президентыфі къыхэкІыну къелъытэ

США-м 2016 гъэм щекІуэкІыну президент хэхыныгъэхэм и кандидатурэр къыщигъэлъагъуэрэ а къулыкъур къыхуагъэфащэмэ, Клинтон Хиллари къэрал унафэщІ бэлыхь къыхэкІыну къелъытэ къэралым и иджырей Іэтащхьэ Обамэ Барак.

«Президент къулыкъум щхьэкІэ «къызэдэжэнухэм» яхьыхьну мурад ищІмэ, Хиллари япеуэфынущ кандидат куэдым. Абыхэм ятекІуэми, президент хъаррзынэ къызэрэхэкІынум щэч къытесхьэркъым, - жиІащ Обамэ. - Пэжщ, сэ япэ силъэдэну сыхуейкъым, и кандидатурэр къигъэлъэгъуэн мурад иІэу Клинтон хэІущІыІу ищІакъыми».

Обамэ къыхигъэщащ Хиллари и цІыхугъэфІу зэрыщытыр, цІыхубэ губзыгъэ дыдэу къызэрилъытэр икІи абы зэзэмызи зэречэнджэщыр.

ЦІыхубэрщ унафэ зыщІынур

Украинэр НАТО зэгухьэныгъэм хьыхьэным и унафэр зыщІынур а къэралым и цІыхухэрщ.

Къэралпсо мыхьэнэ зиІэ а Іуэхум цІыхубэр зэрелъыр зэхагъэкІын щхьэкІэ референдум ирагъэкІуэкІын хуеиІуэ жиІащ Украинэм и президент Порошенкэ Пётр. Литвам и Іэтащхьэ Грибаускайте Даля епсэлъыла нэужь, иригъэкІуэкІа пресс-конференцыр Порошенкэ а мурадыр хэІущІыІу щищІар.

«НАТО-м зэрыхьхьэ хабзэхэр куэдкІэ къащхьэщыкІыркъым Еврозэгухьэныгъэм къигъэувхэм - ахэр процент 95-кІэ зэтохуэ», - жиІащ Порошенкэ, зы зэгухьэныгъэм ухьхьэным ухуэхьэзырмэ, адрей лъэбакъуэр гугъу зэрымыхъунур къигъэлъагъуэ щІыкІэу.

Апхуэдэу щытми, Грибаускайте къыхигъэщащ «НАТО-м хьхьэн и пэ къихуэу, Украинэр сыт и лъэныкъуэкІи демократие хабзэхэм тет къэрал хъун зэрыхуейр». Абыкіэ езым зриГъэуэта Іуэху зехьэкІмкІи, къэралым зихъумэжьныкІи, и зыужьныгъэм и унэтІыныгъэ куэдымкІи Украинэм зыщІигъэкъуэну къигъэгугъащ Литвам и унафэщІым.



- **ЦІыхубзхэм залымыгъэ якІэлъызехьэным ебэныным и дунейпсо махуэщ**
- 1339 гъэм Москва Кремлым и блынхэр щІын щІадзащ.
- 1741 гъэм Черкасский Алексей (адыгэщ) и пщэ иралъкьат Петр итху Елизаветэ императрицэ къулыкъум зэрыпэрыувэну манифестымрэ абы ищІыну тхъэрыІуэмрэ зэхилъхьэну.
- Литературэдж, критик, УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Шэвлокъуэ Пётр** къыщэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.
- Адыгэ тхакІуэ, публицист, АР-м щІыхь зиІэ и журналист **ЛъэфІыцІэжь Хьэжрэтбий** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
- Филологие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **ХъуакІуэ ФатІимэт** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 3 - 1, жэщым градуси 3 - 1 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Сурэтыр **Елькъэн Артур** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэхьихьэр 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 27-м КъБР-м и Парламентым и унэм щекІуэкІынущ.

ЗэІущІэм щыщІидзэнэр сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі эм.

● Іуащхьэмахуэ щІынатІэ

Къалэр ягъэкъабзэ, зэлъыІуах

Іуащхьэмахуэ район администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэм и унафэкІэ къыхалъхьа щІыпІэхэр гъэкъэбзэным, зыхуей хуэгъэзэным теухуа щэбэт щІыхьэхуэм Тырныауз къалэм и предприятэхэр, организацэхэр, Іуэхущ Іапі эхэр хашащ.

КъАЛЭР Іыхьиблу ягуэшри, район, щІыпІэ администрацэхэм я лэжьакІуэхэм ягъэбыдыпІащ. Абыхэм гъэзгу Іуфэм щызэтрихьа щІыр трах, тхьэмпэхэр зэщІакъуэ, гъэзгубгъу псэуалъэхэм я Іэшэлъашэр зэлъыІуах, зэІузэпэщ ящІ.

Япэ щэбэт щІыхьэхум пхъэнкІий зэмылІэужьыгъуэу зхьэлъэзешэ машинэ 30-м щІигъум ярыз зэщІакъуащ. Тырныауз къалэм и дыхьэпІэм деж щыт фэеплъри зыхуей хуагъэзащ.

ХьэрычэтыщІэхэри мы Іуэхум хэтащ. Къапщтэмэ, Бахъсэн уэрыбмэн тет «Кавказ» тыкуэным екІуалІэ гъэзгур зэрагъэпэщыж.

ЩІыпІэхэр гъэкъэбзэным, зэІузэпэщ щІыным теухуа лэжьыгъэм къалэдзэхэри хашэну я мурадщ.

ТАРИМ Алисэ.

Іуащхьэмахуэ район администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэм и унафэкІэ къыхалъхьа щІыпІэхэр гъэкъэбзэным, зыхуей хуэгъэзэным теухуа щэбэт щІыхьэхуэм Тырныауз къалэм и предприятэхэр, организацэхэр, Іуэхущ Іапі эхэр хашащ.

ШколакІуэхэр щыгъуазэ ящІ

«Къэралым и къызэгъэпэщыкІэм теухуауэ» проектым хиубыдэу «Сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я творчествэм зыщрагъэужь центр» щІэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт къэрал Іуэхущ Іапі эм и гъэсэнхэм КъБР-м и Парламентым щахуэзащ Законым тетыныжьрэ хабзэр хъумэнымкІэ комитетым и унафэщІ Мовсисян Грант.

АБЫ сабийхэм яхуиІуэтащ ди республикэм парламентаризмэм зэрызыщыжьар, законхэр къыдэгъэкІынымкІэ депутатхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм, езыр зи унафэщІ комитетым зэфІигъэкІхэмрэ абы и полномочиехэр зыхуэдэмрэ. ЗэІущІэм апхуэдэу гупыятэшхуэ хуащІу щытепсэлъыхьащ хэхыныгъэмкІэ системэмрэ хэхакІуэхэм яІэ хуитныгъэхэмрэ, КъБР-м Административнэ къуаншагъэхэмкІэ и кодексыр егъэфІэкІуэным зэрелэжьым.

Сабийхэми щІэныгъэшхуэ зэрабгъэдэлъыр, къэралым щекІуэкІ Іуэхухэм набдзэгубдзапІъэу зэрыкІэлъытыпІъэр къагъэлъэгъуащ. Ахэр щІэупщІащ жылагъуэ Іуэхухэр дзгъэкІынымкІэ зыхуейхэм, КъБР-м и Парламентым и депутату зыкъагъэлъэгъуэн папщІэ я ныбжьыр зыхуэдизу щытыпхъэм, нэгъуэщІхэми. Апхуэдэу язныкъуэхэм зрагъэщІэну яфІэфІт Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр къызэрыІах щІыкІэр егъэфІэкІуэнымкІэ, фэтэр куэд хьу унэхэм я пщІантІэхэр зэІузэпэщ щІыныкІэ зэфІагъэкІхэм. Апхуэдэу мы зэІущІэм къыщыхалъхьащ къалэм и Сабий Думэ къызэгъэпэщыным, «КъБР-м и гражданин ныбжьыщІэм и кодекс» зэхэлъхьэным хуэгъэзэ жэрдэмхэр.

ЗэІущІэм и кІэухым Сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я творчествэм зегъэужьынымкІэ центрым и егъэджакІуэ Беккиевэ Жаннэ хьэщІэхэм я щІэкІэ Мовсисян Грант фІыщІэ хуищІащ къызэрыригъэблэгъам папщІэ. Хабзэ зэрыхъуам тету, хьэщІэхэм Парламентым и унэр ирагъэлъэгъуащ.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

Льэпкъ Іущыгъэ:

Фыуэ плъагъу щІыпІэм укІуэныр жыжьэкъым.

● Футбол

ХьэщІэхэр Налшык къыщыхожаныкІ

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ, дыгуасэ Налшык щызэІущІащ «Спартак-Налшыкымрэ» Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-мрэ. ХьэщІэхэр 3:0-у текІуауэ зэІущІэр ирихащ. Псыхуабэм и командэм хэту жыджэру зыкъагъэлъэгъуащ абы щыджэгу адыгэ щІалэхэу Дзыхьмыщ Марат, Багъэтыр Альберт, Бай Хьэсэн, Тебэрды Тимур сымэ. Ахэр псори ди республикэм щыщхэщ икІи зэгуэрым абы и щІыхьыр яхъумэу щытащ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Мэшыкъуэ-КМВ»-мрэ я зэпэщІытыныгъэр зэрекІуэкІамрэ зи чэзу джэгуГуэм и ужькІэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ ятеуха тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Дэ дыщIэлажьэр цIыхухэращ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Литовченкэ Татьянэ къызэригъэлъэгъуамкIэ, дызэрыт илъэсым кърипыбыдэу а IуэхущIапIэм Iуэхутхьабзэ 91797-рэ цIыхухэм щыхуащIащ, ар 2013 гъэм елытауэ процент 45-кIэ нэхъыбэщ. Илъэсыр и кIэм нэмыс щIыкIэ Май, Шэрэдж, Шэджэм муниципальнэ куейхэм кьаэн куэд щагъэзащIэ IуэхущапIэхэр щыхуэсыну я мурадщ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ **Кхъуэ-Iуфэ Аслъан** и гугъу ищIащ зи Iэпкльлъэпкым ныкъуэдыкъуагъ иIэхэр 2012-2015 гъэхэм аужырагъэ IэнатIэ IугъуэрыныкIэ ядэIэпыкъуным, профессиональнэ IэщIагъэ зрагъэгъуэтынымкIэ Iэмал етыным. ЩэкIуэгъуэм и 1-м ирихьалIэу зи Iэпкльлъэпкым дерт иIэу закъыхуэзыгъэза цIыху 894-м щыщу 212-м лэжьыгъэ ираташ, программэ хэкаIэ ирагъэджэну 39-рэ яунэтIащ, 113-р лэжьыгъэм зэрыхэзгъэным хуэгъэпса дерсхэм ягъэкIуащ. Министрым и къуэдзэм зэрыжиIамкIэ, зи Iэпкльлъэпкым дерт иIэхэм яхуэщIауэ цIыхуи 101-рэ 2014 гъэм лэжьапIэ ягъэуващ. А программэм папщIэ федеральнэ бюджетым сом мелуани 10327,4-рэ, республикэм ейм сом мелуан 543,6-рэ хухахащ.

Ныкъуэдыкъуагъ яIэу лэжьыгъэ - IэнатIэ Iумыт цIыху 741-рэ я деж щрагъэкIуэкIа щIэупщIэныгъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, абыхэм ящыщу 141-р профессиональнэ Iэщ-Iагъэзрагъэгъэтыну щIохьуэпс, 408-р лэжьыгъэ IэнатIэ хуэныкъуэщ, 134-м езым я Iуэху кърагъэIуэхыжьыну, 79-м предприятэхэм щылэжьэну зэрыхуейр жаIащ.

Путин Владимир накъыгъэ мазэм къыдигъэкIа унафэкэр зэрагъэзащIэм хэту, КхъуэIуфэ Аслъан и гугъу ищIащ 2025 гъэ щIондэ УФ-м и ЦIыхуэхэр хущхьуэхэкIкIэ къызэгъэпэщыным хуэгъэпса стратегиер ди республикэм зэрыщылажьэм. Абы ипкъ иткIэ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу цIыхуэхэм пщIэншэу ират хущхьуэхэкIхэм я бжыгъэм хэхъуащ.

Иужьрей илъэситIым ди республикэм icхэм щыщу федеральнэ льготэкIэ хущхьуэ эратхэр процент 23-кIэ нэхъыбэ хъури, мин 13766-рэ хъуащ. 2014 гъэм федеральнэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуани 106,72-рэ и уасэ хущхьуэхэкI ди республикэм къашащ. Абы кьищынэмыщIауэ, уз хьэльэхэр (склероз, муковисцидоз, гемофилие, нэгъуэщIхэри) эффыкIхэр зыхуеину хущхьуэ лъапIэкIэ къызэрыхэрагъэпэщыт федеральнэ мылкум къыхокI. Апхуэдэ уз хьэльэхэр ефыкIыу ди республикэм исым я бжыгъэр цIыху 648-м нос.

КхъуэIуфэм Советым хэтхэр зэрыщIигъэгъуэзамкIэ, 2020 гъэ щIондэ «Узыншагъэр зыужьным Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщегъэужьжьын» къэрал программэм 2014 гъэм сом мелуани 140-м цIигъу хухахащ, ар нэгъабэрейм елытауэ процент 50-кIэ нэхъыбэщ.

Министрым и къуэдзэр къытеуныIащ къэблагъэ зэманым цIыхуэр зэрыпсэуну тращIыхь илъэс бжыгъэр. 2014 гъэм ди республикэм къыщалъхур процентти 4,5-кIэ хэхъуащ. КъальхуагъащIэу лIэжьим и бжыгъэр процент 17,6-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Игъуэ нэмысу, цIыкIуу къальхуа сабийхэм хуащIэ Iуэхутхьабзэр, абыхэм зэрелэжьн Iэмалыщ Iэхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ ираГъэфIакIуэ зэпытщ. Абыхэм ящыщщ цIыхухэм я узыншагъэр къэпщытэныр. Мы гъэм цIыху балигъыу 124712-м я узыншагъэр къащыптэн яхуэзэфIэкIащ, ар зыхуагъэувыжа мардэм и процент 82,6-рэ мэхъу.

2014 гъэм удын зыгъуэтахэм я центрхэр Тэрч, Аруан, Прохладнэ, Iэщцхэмахуэ, Шэджэм Джэджэдж хэм я деж ещанэ лIэужьыгъуэ зиIэ травматологие центрхэр щаухуэн щIадзащ. Гулъытэ лей хуащI медицинэ лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэным, машинэ зэхьэхуэрэ фэбжь хэзыхахэм хуащIапхъэ Iуэхутхьабзэхэмрэ ятпэ игъэщIыпхъэмрэ егъэщIэным.

КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Устэ Джульеттэ** Советым хэтхэр зэрыщигъэгъуэзамкIэ, мы зэманым сабий гъэсапIэхэм кIуэхэм я бжыгъэр мин 36968-рэ мэхъу. Ар илъэси 3-7 ныбжьым иту ди республикэм иц цIыкIухэм я процент 94-рщ. Сабий 260-м гъэсапIэхэм ТIысыпIэ щамыгъуэту къэнащ. Дыззрыт илъэсым сабий 660-м тIысыпIэ къыхуэзрагъэпэщащ. 2016 гъэм ирихьалIэу ди республикэм сабийуэ исым гъэсапIэхэм тIысыпIэ зэрыщIалIэнур жиIащ Устэм.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Альтуд Юрий** УФ-м и Президентым и унафэхэр гъэзэщIа зэрыхъум и гугъу ищIын и пэ кьихуэу, Советым хэтхэр щигъэгъуэзащ мы зэманым псэупIэкIэ къызэрагъэпэщын хуейуэ унагъуэ минипщI къазэрыпэплъэр. Унэ иритыну къэралым пщэрылъ зыщIыжьхэм ящыщщ зи псэупIэр къхахэ хъуахэр, адэ-анэм я нэIэ щIэмыту къэна ныбжьыщIэхэр, апхуэдэуи унэ къэзыщIэхун мурад зиIэхэм къэралым Iэмал зэмылIэужьыгъэхэмкIэ, ипотекэ кредит яриткIэрэ, защIегъакъуэ. Альтудым зэрыжиIамкIэ, псэупIэ зимыIэу зыгъэльэгъуа цIыху минипщIым щыщу мини 8-м ипотекэ кредиткIэ псэупIэ къащIэхуфыну Iэмал зэраIэр жиIащ. 2014 гъэр и кIэм нэблэгъэху а къэрал дэIэпыкъуныгъэр цIыхухэм зэрыбгъэдалъхьэн Iэмалхэр и кIэм нэсу зэхагъэувэнущ.

ЗэIущIэм щыжаIахэр къызэщIикъуэжу, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий жиIащ къаIэта Iуэхуэхэм жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэщхуэ зэриIэр.

- Ди республикэм зиужьын папщIэ псори зэдэууэ дызэдэлажьэн, къыкIэрыху хэмыту, дэтхэнэ унэтIыныгъэри ефакIуэу щытын хуейщ. Дэращ абыхэм я гъэзэщIэныкIэ жэуаплныгъэ щхьэр цIыхухэм я деж щытхъырщ. Дэ ди мурадхэракъым, атIэ зэфIэдгъэкIхэращ мыхьэнэ зиIэр. Ди гъунэмкIэ республикэхэм программэ зэмылIэужьыгъуэ куэд щагъэзащIэ, фIым щапхъэ тедвгъэх. Дывгъэлажьэ. Iуэху зыщIэращ хэзыгъэхъуэр. Си щхьэкIэ, схуэзэфIэкI къызэрызмыгъэнэнымкIэ фыкъызогъэгугъэ. И къаэным пэмыльэщын кьыфхэтмэ, бедджылы къэфщI.

ЦIыхум «къеузыр» фщIэн папщIэ абыхэм фахэтын хуейщ. Ахэр зыщIигугъыр дэращи, зыхуей хуэдмыгъэзэфмэ, сыт и мыхьэнэ ди лэжьыгъэм. Зыщымыгъэгъупщэ, дэ дыщIэлажьэр цIыхухэращ, - захуигъэзащ КIуэкIуэм Советым хэтхэм.

АдэкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм и гугъу ищIащ цIыхухэм я шынагъэнщагъэр ди республикэм къызэрыщызэрагъэпэщым, ТекIуэныгъэм и мащхуэхуэм зэрызыхуагъэхьэзырым, къаIэ, къуажэ уэрамхэр къызэрагъэпэщ. Зыщымыгъэгъупщэ, дэ дыщIэлажьэр цIыхухэращ, - захуигъэзащ КIуэкIуэм Советым хэтхэм.

АдэкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм и гугъу ищIащ цIыхухэм я шынагъэнщагъэр ди республикэм къызэрыщызэрагъэпэщым, ТекIуэныгъэм и мащхуэхуэм зэрызыхуагъэхьэзырым, къаIэ, къуажэ уэрамхэр къызэрагъэпэщ. Зыщымыгъэгъупщэ, дэ дыщIэлажьэр цIыхухэращ, - захуигъэзащ КIуэкIуэм Советым хэтхэм.

ИНЭРОКЪУЭ Дисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэр 2014 гъэм и щэкIуэгъуэ-дыгъэгъаз мазэхэм цIыхухэм зэрахуэзэнур

Щахуэзэну махуэр	Щахуэзэну зэманыр	Щахуэзэну щIыпIэр КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	ЦIыхухэм яхуэзэнур	Телефон-хэр
Дыгъэгъазэм и 1-м	сыхьэти 9-11-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Уянаев Борис Биязлукэ и къуэр	77-23-82
	сыхьэти 10-12-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Беппаев Суфян Узэир и къуэр	77-27-03
	сыхьэт 12-14-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Мусэбий и къуэр	77-27-03
	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Иуан Пётр Мацэ и къуэр	77-23-02
	сыхьэт 15-17-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Къалмыкъ ЖылэбийАдэлбий и къуэр	77-23-02
	сыхьэт 15-17-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Ирхин Андрей Александр и къуэр	77-23-02
Дыгъэгъазэм и 2-м	сыхьэти 10-12-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Щэрдан Нодар Iэбу и къуэр	77-27-03
	сыхьэт 10-12-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Целоусовэ Анусэ Азэмэт и пхъур	77-23-02
Дыгъэгъазэм и 3-м	сыхьэт 12-14-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Шакъ Елбэрдэ Бесльэн и къуэр	77-27-03
	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Апхъуэ Мурат Iэдэм и къуэр	77-23-02
	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Хьэгъэжей Бесльэн Хьэузин и къуэр	77-23-02
	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Блохин Андрей Виктор и къуэр	77-27-03
	сыхьэт 12-14-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Къаныкъуэ Заринэ СэIэдулэ и пхъур	77-27-03
Дыгъэгъазэм и 4-м	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Хутуевз Светланэ Хьэнэфий и пхъур	77-27-03
Дыгъэгъазэм и 5-м	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Мэшыкъуэ Хьэсэнбий Хьэмид и къуэр	77-23-02
	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Темыркъан Борис Хьэту и къуэр	77-27-03
Дыгъэгъазэм и 8-м	сыхьэти 10-12-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Любуня Николай Григорий и къуэр	77-27-03
	сыхьэти 10-12-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Хьэтэжьыкъуэ Валерэ Назир и къуэр	77-23-02
	сыхьэт 16-18-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Бобылев Валентин Николай и къуэр	77-27-03
Дыгъэгъазэм и 9-м	сыхьэти 10-12-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Канунников Анатолий Данил и къуэр	77-27-03
	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд Хьэбас и къуэр	77-27-03
Дыгъэгъазэм и 10-м	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Атмурзаев Магомед Мэжид и къуэр	77-27-03
Дыгъэгъазэм и 11-м	сыхьэти 10-12-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	ЖьакIэмыхъу КIуэнэ Хьэжбарэ и пхъур	77-27-03
	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Зумакулов Асхъэт Мустэфа и къуэр	77-23-02
	сыхьэт 12-14-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Льгов Виктор Валентин и къуэр	77-23-02
Дыгъэгъазэм и 12	сыхьэт 16-18-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	ХъуэкIуэн Мурат Хьэрэталий и къуэр	77-23-02
	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Шэшэн МуIэед Гъумар и къуэр	77-23-02
Дыгъэгъазэм и 15-м	сыхьэт 11-13-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Дыджэ Арсен Къазбэч и къуэр	77-23-02
	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Дзасэжь Хьэзрэталий Уэлий и къуэр	77-27-03
Дыгъэгъазэм и 16-м	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Котляровэ Марие Абрам и пхъур	77-27-03
	сыхьэт 11-13-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Сэхъуокъуэ Хьэутий Хьэзрит и къуэр	77-23-02
ЩэкIуэгъуэм и 26-м Дыгъэгъазэм и 17-м	сыхьэти 9-11-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Хьэшыр Светланэ Юрий и пхъур	77-23-02
ЩэкIуэгъуэм и 27-м	сыхьэт 11-13-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Абшаев Магомет ТIэкIыр и къуэр	77-23-02
Дыгъэгъазэм и 18-м	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Болэт Арсен Хьэбыж и къуэр	77-27-03
ЩэкIуэгъуэм и 28-м Дыгъэгъазэм и 19-м	сыхьэти 10-12-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Палагаев Михаил Александр и къуэр	77-27-03
	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Къаскъул Владимир ФуIэд и къуэр	77-23-02
Дыгъэгъазэм и 22-м Дыгъэгъазэм и 23-м	сыхьэти 10-12-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Шабаев Лёви Меир и къуэр	77-23-02
	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Этчеев Музэфар Шарабудин и къуэр	77-23-02
Дыгъэгъазэм и 24-м	сыхьэти 12-14-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	КхъуэIуфэ Хьэчим Хьэбас и къуэр	77-23-02
	сыхьэт 15-17-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Маслов Николай Александр и къуэр	77-23-02
Дыгъэгъазэм и 25-м	сыхьэти 10-12-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Кульбаев СултIан Мухьэжыр и къуэр	77-27-03
	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	ТхьэзэлIыж Мурат ТIулэ и къуэр	77-27-03
Дыгъэгъазэм и 26-м	сыхьэт 15-17-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Энеев Махмут Уэзир и къуэр	77-23-02
Дыгъэгъазэм и 29-м	сыхьэти 10-12-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Вэрокъуэ Владимир Хьалид и къуэр	77-27-03
	сыхьэти 10-13-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Нэхущ Заурбий Ахьмэд и къуэр	77-27-03
	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Колесников Юрий Александр и къуэр	77-23-02
	сыхьэт 14-16-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Мэзло Руслан Бетал и къуэр	77-23-02
	сыхьэт 15-17-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Беловэ Наталье Сергей и пхъур	77-27-03
	сыхьэт 16-18-хэм	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэхэр щригъэкIуэкI пэшым	Караев Расул Шарабудин и къуэр	77-23-02

Апхуэдэу цIыхухэм яIуощIэ:

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI **Чеченов Ануар** бзэрэжьей махуэ къэс сыхьэти 10-13-хэм (телефоныр: 72-03-25), абы и къуэдзэ **Федченкэ Людмилэ** гъубж къэс сыхьэт 13 - 16-хэм (телефоныр: 72-07-80)

ЩIыхуэхэм хохъуэ

ЩэкIуэгъуэм и 20-м КъБР-м и премьер-министр Мусуков Алий Правительствэм и унэм зэIущIэ щригъэкIуэкIащ.

● КъБР-м и Правительствэм

АБЫ щыхэплъащ КъБР-м ЦIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм хиубыдэ къэрал IуэхущIапIэхэм щылажьхэзэ я улахуэр зыхуэдизынум. ЭкологиемкIэ IэнатIэм и министр **Газаев Мухьтар** зэрыжиIамкIэ, ягъэбеладжылар дэтхэнэми нэхъ мащIэ дыдэу кьихьынуращ. Улахуэм худыщIагъунур елытащ дэтхэнэри и кьаэным зэрыпэльэщым, и пщэрылъхэм зэрегугъум.

КъБР-м ЦIы Iуэхуэхэмрэ мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и хэрал комитетым и унафэщIым и кьаэнхэр зыгъэзащIэ **Тонконог Аннэ** зэIущIэм къыщигъэльэгъуащ КъБР-м и къэрал мылъкум хьхьэу Къармэхьблэ къуажэм Мырзэкъаным и цIэр зезыхь эрамым тет ухуэныгъэхэмрэ щIы Iыхьэмрэ Дзэлыкъуэ муниципальнэ куейм етыжьным и Iуэхуэр. Апхуэдэу КъБР-м и къэрал мылъкум щыщу Аруан муниципальнэ куейм ираташ гъуэгу дамыгъэхэр зэрыратхъэ (разметочная) автомашинэрэ машинэ хьэльэм пащIэ прицепрэ.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт** 2014 гъэм и ещанэ мазищым цIыхур нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеину ахъшэр зыхуэдизыр къигъэльэгъуащ, ар сом мини 6-рэ 903-уэ ягъэбеладжылащ.

КъыкIэлъыкIуэу министрхэр зэрэхуэзэ социальнэ Iуэхутхьабзэхэр зэрагъэзащIэм я нэIэ зэрыртращIэтынум теухуа унафэм и проектым.

2016 гъэ щIондэ КъБР-м и хэхъуэр нэхъыбэ ящIыным, ахъшэр тэмэму къэгъэсэбэпыным теухуауэ къэпсэльащ КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Мишков Иринэ**.

Налог зымыту къагъэлъэгъуахэм щыщу предприятэ 288-м я хэхъуэрэ абы хуэзэу я, ятын хуейр къыщIэзыгъэщ комиссэхэм Iуэхущ-IапIэхэм я унафэщIхэр ирагъэблагъуэрэ я Iуэхуэр зэрызэхагъэкIам и фIыгъэкIэ Iуэхущ-IапIи 188-м налогхэр нэхъыбIу ятын щIадзащ. IэнатIэ I7-м я хэхъуэм теухьэу сом мелуаних ятащ, Iуэхущ-IапIи 136-м сом мелуани 169-рэ бюджетым халъхьэжащ. Транспортым техьэ налогыр къыхахыныкIэ Iуэху зэхуэмыдэхэр зэрырагъэкIуэкIам и фIыгъэкIэ сом мелуан 12 къыхахащ. Дызэрыт илъэсым кьриубыдэу хэхъуэм техьэ налогыу къыхахар сом мелардрэ мелуан 26-рэ мэхъу. Ар нэгъабэрейм елытауэ сом мелуани 185-кIэ нэхъ мащIэ щIэхъуам и щхьэхъуэкIуэ нэхъыщхьэр налог къэзытхэм я хэхъуэр мащIэ зэрыхъуар. («РусГидро»-м - итар сом мелуани 141-кIэ нэхъ мащIэщ нэгъабэрейм елытатауэ, РЖД-м сом мелуани 10-кIэ, «Кавказ Ищхьэрэ МРСК»-м сом мелуани 6-кIэ) хагъэщIащ.

2014 гъэм и жэпуэтъуэ мазэм ирихьалIэу транспортым техьэ налогыр сом мелуан 20-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ, къытэр сом мелуан 263-рэщ, щIым техьэ налогым щыщу ятелъ щIыхуэр сом мелуани 10-кIэ ягъэмэщIауэ сом мелуан 23-м хуэхIуащ, цIыхухэм я мылъкум техьэ налогым щыщу сом мелуан 11 кътри, сом мелуан 82-рэ къатенащ.

КъБР-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Газаев Мухьтар и гугъу ищIащ кIэрыхубжьэрыхуэхэм ехьэлIа программэхэм, программэ гъэдэхэн ятIэ иткIэ зэхьэкьыныр я мурадхэмрэ зыIущIэ лъэпощхьэпохэмрэ. Ику иту зы цIыхум илъэсым кIэрыхубжьэрыхуу кг 220-рэ хьфIидзэмэ, илъэсым кьриубыдэу ди республикэм ар тонн 254-рэ щохьу, псори зэхэту кIэрыхубжьэрыху идыпIэхэр зэрыхъур 47-рэщ. Газаевым къызэригъэльэгъуамкIэ, кIэрыхубжьэрыхуэхэр иризэхадзу, щагъэсу куейхэм щыхуэну я мурад заводхэм техIуэдмэр сом мелард 1,5-м нос.

КъБР-м щыIэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Газаев Мухьтар и гугъу ищIащ кIэрыхубжьэрыхуэхэм ехьэлIа программэхэм, программэ гъэдэхэн ятIэ иткIэ зэхьэкьыныр я мурадхэмрэ зыIущIэ лъэпощхьэпохэмрэ. Ику иту зы цIыхум илъэсым кIэрыхубжьэрыхуу кг 220-рэ хьфIидзэмэ, илъэсым кьриубыдэу ди республикэм ар тонн 254-рэ щохьу, псори зэхэту кIэрыхубжьэрыху идыпIэхэр зэрыхъур 47-рэщ. Газаевым къызэригъэльэгъуамкIэ, кIэрыхубжьэрыхуэхэр иризэхадзу, щагъэсу куейхэм щыхуэну я мурад заводхэм техIуэдмэр сом мелард 1,5-м нос.

КъБР-м щыIэ УФНС-м и унафэщIым и къуэдзэ ГъуэкIэ Ахьмэд республикэм, щIыналъэ мылъкум къыхэкIыу ахъшэ зыхуаутIыщ бюджет Iуэхущ-IапIэхэм щыщу мылъкум, щIым техьэ налогхэр зымытхэм я гугъу ищIащ. Мы зэманым апхуэдэ щIыхуэу бюджет Iуэхущ-IапIэхэм ятелъыр сом мелуан 206,4-рэ мэхъу. Узыншагъэр хъумэнымкIэ Iуэхущ-IапIэхэм я мылъкум техьэу сом 16,7-рэ, щIым техьэ налогыу сом мелуан 20,3-рэ щIыхуэ ятелъщ. ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ министерствэм щIым техьэу сом мелуан 37,4-рэ, мылъкум техьэу сом мелуаным щIигъу итын хуейщ. ГъуэкIэм къызэригъэльэгъуамкIэ, бюджет Iуэхущ-IапIэхэм ятелъ щIыхуэр нэхъыбэ хъу зэпытщ.

ИНАРОКЪУЭ Данэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м

Къалэныщ-Iэхэр яубзыху

Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIащ IэнатIэм и тыл къызэгъэпэщыныгъэм, финанс-хозяйствэ дисциплинэм теухуа Iуэхугъуэхэм щыхэплъа зэIущIэ. Абы кърихьэлIащ министерствэм и къулыкъу, IэнатIэ нэхъыщхьэхэм я унафэщIхэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м тыл къызэгъэпэщыныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковник **Уэзрокъуэ Анзор** и докладыр триухущ я лэжьыгъэм кърикIуахэм.

ЗэIущIэм зыщыхэплъа Iуэхугъуэхэм кърикIуахэм ялкъ иткIэ, министрым тыл къызэгъэпэщыныгъэр, финанс-хозяйствэ дисциплинэр егъэфIэкIуэным и лъэныкъуэкIэ зыхуэфащэ кьалэнхэр пщэрылъ ящищIащ.

Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ-IапIэ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Къэбэрдей зауэлI. *Сурэтыр 1893 гъэм трахащ.*

Псымрэ уасэмрэ

Нобэрей тхыгъэр теухуащ псы дызэфэмрэ къэдгъэсэбэнымрэ я уасэр Iэмал имыIэу тын щIыхуейм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм.

УРЫСЕЙ Федерацэм зы Iуэхутхьабзэм щалажьэрыкIам абы и уасэр щIэдмыту. Дэ къэдгъэсэбэп псыр щIым кьыщIишыным, ар ди унэхэм къэгъэсауэ, къэдгъэсэбэпа нэужь щIэшьыкным «Водоканал»-м и лэжьакIуэ гупышхуэм и къарум кьыщынэмыщIауэ, техникэ псори зэрыпэжьхэн хуей дагъэгъэсыныпхъри, абыхэм я пкъыгъуэхэри кьещхьу, цIыхухэм я улахуэри яритын хуейщ.

Нэхъыщхьэ дыдэраци, псыр къыщIэшыным, ар къэбгъэсэбэп хъун папщIэ зэрыбгъэкъэбзэным текIуадэ электрокъарум и уасэр и зэманым управленэм имытмэ, «Водоканал»-м и псыкъыщIэшынIэхэр электрокъаруунэу, унагъуэхэмрэ Iуэхущ-IапIэхэмрэ псыншэу къэнэжыц. Фи фIэщ фIыщы дызэфэ, дызэрыпщафIэ, дызэрыпхъэщIэ псыр ауэ пса кьежэхыу зэрыщымытыр. Ар ди унэхэм къэсын и пэ кьихуэу, мардэ къуэдым къызэщIиубыдэ хабзэмкIэ ягъэкъабзэ нэхъ IэмэпсымэщIэ дыдэхэмкIэ.

Ди гъунэгъу адрей республикэхэм, областхэм, крайхэм щымыIа куэд къытэткъым икIи дыщыгъуазэщ, ди псымрэ абыхэм яйхэмрэ, зэрыжаIэщи, «шурэ лъэсрэ» зэрэзэхуакум, и уасэмкIи зэрынэхъ пудым. Ауэ щыхьукIэ, къэлэхьа мэхъу жащ-махуэ имыIэу псыкIэ фыкъызэзыгъэпэщ «Водоканал»-м и лэжьакIуэ гупышхуэм и лэжьыгъэ хьэлэлыр. Уасэр зэтремыгъэхьэ, мазэ къэс ди абонент кьудамэм зэ фыкъекIуалIэу псы уасэр зэтеигъэсынри зыщымыгъэгупщэ! ФыкъэмыкIуэфу кьыфтехьэлъэу щытмэ, фыкъапсалъэ хьунущ мы телефонэмкIэ: 42-32-52; 42-12-49; 42-04-37. Абонент кьудамэм и лэжьакIуэхэр нэкIынурэ псы уасэр абыхэм квитанциIэ кьыкIахьынущ. НызэрыкIуэм щхьэкIи уасэ лъэпкъ щIагъуэнукъым.

БЕКЪАЛДЫ Анатолэ, *УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт.*

● Аруан щIыналъэ

Гъэсакъуэхэм я зэфIэкIыр

Нартхъалэ дэт сабий сад №3-м щекIуэкIащ зи школ кIуэгъуэ нэмыса цIыкIухэм ядэлажьэ гъэсакIуэхэм я республикэпсо семинар.

КъБКУ-м ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ и институтым (ИПК) и жэрдэмкIэ кьызэрагъэпэща мы зэIущIэр хуэунэтIат зи школ щIэтIысхьэгъуэ нэблагъэ сабийхэм яIэ зэфIэкIхэмрэ иджырей егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ мардэхэр сабий садхэм къызэрыщагъэсэбэп щыкIэхэмрэ. Ди республикэм и къалэ, район псоми икIа хьэщIэхэр ирагъэплъащ акъылым зезыгъэужь джэгуакIэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Гуп нэхъыжьхэм хэт щIыкIуэгъэ къэфащ, уэрэд жаIащ, гушыIэ тепльэгъуэхэр ягъэльэгъуащ, спорт дерсхэмкIэ зэпеуахэщ. Институтым и лэжьакIуэхэм ягу ирихьащ дыкъэзыуэкъуреихь дунейм, и къэхъукъащIэхэм, хадэхэкIхэм ятеухуауэ гъэсэнхэм драгъэкIуэкIа джэгуакIэхэри. Семинарым кьрихьэлIафIэр нэрылъагъуу щыкIуэхэм гупсысэ хъарзынэ яIэщ. Ар, дауи, я фIыгъэщ зи Iэщ-Iагъэм фIыуэ хэзыщIыкI гъэсакIуэхэм.

БЛАНАУЭ Iэдэм.

● Пшыхьхэр

Гъукlэ Замудин

Ащхъуэт Беслъэн

Мокаев Владимир

ШыкIэпшынэм и макъамэ гуакIуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэщIащ Гъукlэ Замудин зи унафэщI «Жьыу» ансамблыр (Адыгэ Республикэ). Iуэху гуапэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар Гъукlэ Замудин и Iэдакъэ къыщIэкIа «Учимся играть на шичепшине» тхылъыр дунейм къызэрытехьаращ. Ар щекIуэкIащ Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ гъэзджэхэмкIэ музеим.

МУЗЕЙМ и пэшым дапхъэ щагъэуващ адыгэ лъэпкъым къыхэкIа шыкIэпшынауэ Iэзэхэм я сурэтхэу Замудин зэхуихьэсыжа-хэр фIэлъхэу. Нэхъыжьхэм ядэщIыгъуащ Гъукlэм и гъэсэн шыкIэпшынауэ ныбжьыщIэхэм я сурэтхэри.

Гъукlэ Замудин шыкIэпшынэр, Iэпэпшынэр, пшынэ дыкъуакъуэр, пхъэцIычыр, нэгъуэщI лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэр къэгъэщIэрэщIэжыныжьмкIэ цIэрыIуэщ, арджэн щIыным хуэIэпщIэлъапщIэщ. А Iэхэгъуэхэм щIэблэр хуеГасэ, лъэпкъым и щэнхабзэ хьугъуэфIыгъуэхэр ихьумэу, абыхэм зригъэужьу.

Пшыхьым кърихьэлIахэм жаIащ адыгэ лъэпкъым и макъамэ гъуэзджэм дихьэхэхэм я дежкIэ Гъукlэ Замудин и тхылъым мыхьэнэшхуэ зэриIэр, абыкlэ сабийхэр шыкIэпшынэм зэрыхуебгъэджэфынур. Замудин лэжьыгъэм хигъэхьащ илъэс зыбжанэкIэ лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэм теухуауэ зэхуихьэса и къэхутэныгъэхэр. Тхылъым щIыгъуащ дерсхэр щхьэхуэу зытет диски.

Лъэпкъ макъамэр зигу дыхьэ щIалэгъуалэм я бжыгъэм кIуэ пэтми зэрыхэхуэр Iуэху гуапэщ, узыгъэгуфIэщ. Абыхэм Iэмал яIащ адыгэ Iуэрыlуатэр зи лъабжьэ уэрэдзэмкIэ зафэнщIыну, лъэпкъым и блэкIам, щэнхабзэ хьугъуэфIыгъуэм зыхахъэгъуэзэну.

ЗэIущIэм къыщIэсЫащ КъБР-м и Парламентым и депутат **Пащты Борис**, гъуазджэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **Ащхъуэт Беслъэн**, Урысейм и цIыхубэ Iэпщlэлъапщlэ, Сурэтыщ гъуазджэхэмкIэ музеим и фондыр зыхъумэ **Мокаев Владимир**, нэгъуэщIхэри. Абыхэм жаIащ ди щIэблэр шыкIэпшынэм, лъэпкъ уэрэдыжьхэм зэрыдахьэхыр гуапэ зэращцыхуар, Замудин и тхылъыр музыкэ школхэм къыщагъэсэбэп зэрыхъунур. Ахэр Гъукlэмрэ абы и гъэсэнхэмрэ зэхуэхъуащ зэфIэкI, ехьулIэныгъэ, гуфIэгъуэ яIэну.

ЕтIуанэ махуэм и пщыхьэщхьэм Сэралъп Мадинэ и арт-центрым пшыхьым щIапащащ. Абы «Жьыу» ансамблым уэрэдыжьхэмрэ пшыналъэхэмрэ щыжаIащ, шыкIэпшынэ, пхъэцIыч макъамэхэр щызэщIэжьыуэу. Замудин и гъэсэнхэм я цIэ къитIуэнщ. Ахэр - Щхьэбацэ Маринэ, Нэгузэрокъуэ Къаз-бэч, Абыдэ Артур, Исуп Зау-ур, Гъуэгъуэ Дамир, Пльщэ Гущауэ, Лыбзу Жан, Пащты Гупсэ сымащ. ЩIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ ягъэзэщIащ нарт Сосрыкъуэ, Щэбэтыкъуэ, Ашэмэз сымэ я пшынальэхэр, шэхэх, нысэишэ, цыпхэ, абазэхэхэм я зекIуэ уэрэдхэр, нэгъуэщIхэри. Замудин къытеувыIащ уэрэдыжьхэм я тхыдэм, ахэр зытеухуам. Адыгэ Республикэм къикIа хьэщIэхэм кьинэмыщIауэ, пшыхьым хэтащ Налшык щыщ шыкIэпшынауэхэу КIэрэф Темболэт, Шурдым Мурат, Агуей Науры3, Бекъан БетIал сымэ.

Пшыхьым зыкърагъэхьэлIащ музыкантхэм, цIыхубэ Iэпщlэлъапщlэхэм, Iуэрыlуатэджхэм, тхыдэджхэм, журналистхэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Пащты Борис

Замудин и гъэсэнхэр.

Полицейхэмрэ кIэдетхэмрэ

● Гъуэгу къежьапIэ

КъБР-м щыIэ МВД-м и IэнатIэ щхьэхуэхэм я полицейхэр я хьэщIащ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт кIэдет (кадет) школ-интернат №2-м и гъэсэнхэм.

ШКОЛЫМ щоджэ республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ къикIа ныбжьыщIи 150-м щIигъу. Абыхэм я нэхъыбэм я къэкIуэнур дзэ е полицей къулыкъум ирапхыну я мурадщ.

Iуэхугъуэм щIидзэн и пэ еджакIуэхэр я хьэщIэхэм щыпэплъащ интернатым и утым. ЗэщIэкъуауэ иувыкIа сатырхэм егъэджакIуэхэм я унафэм щIэту хуащI унафэр ягъэзащIэрт. Абыхэм уащыхэплъэкIэ, апэ дакъикъэм кьыпщыхьурт апэжьыпIэкIэ дзэ нэсхэр зэхуэсауэ, арщхьэкIэ я нэм ущIэплъэмэ, зэрышколакIуэр къалащIэрт.

Арати кIэдетхэм кърагъэблагъащ техникэ хэхахэм я колоннэр - бронетранспортерхэр, бронированнэ машинэхэр, «Урал»-хэр, «Уазик»-хэр. НыбжьыщIэхэм яфIогъэщIогъуэну автомобиль техникэр зэпаплъыхьыху, егъэджакIуэхэр дзэ машинэхэр зэрызэщIэуэздам тепсэлъыхьащ, Iуэхугъуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм спорт пэшым къыщызэIуахащ иджырей Iэщэхэм, МВД-м и Iэнатlэ хэхахэм я фащэмрэ зэрызахъумэ Iэмэпсымэхэмрэ щагъэлъагъуэ выставкэ.

Хэкум и хьумакIуэ хьунухэм пулеметхэр, автоматхэр, кIэрахъуэхэр зрагъэлъэгъуа къудейкъым, атIэ ахэр Iэкlэ яIыгъыну икIи фэеплъ сурэт зытрагъэхьыну Iэмал ягъуэтащ.

Школ-итернатым и унафэщIым дзэхэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ и къуэдзэ **Сыжажэ Мухьэмэд** къахуеблэгъа хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ, къытщIэхъуэ щIэблэр гъэсэныжьмкIэ апхуэдэ Iуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ зэриIэри къыхигъэщащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Ахъшэ пэкIуэу Iэщэр къыIах

Хабзэм къемыззгъыу яхъумэ Iэщэр, абы иралъхьэ шэхэр, къагъауэ вещество-хэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ цIыхухэм я фIэфIыныгъэкIэ икIи мылъку пэкIуэу ятыну Iэмал яIэщ. КъБР-м и Правительствэм и Унафэкlэ абы пэкIуэну ахъшэр яубыхущ.

И ФIЭФIЫНЫГЪЭКIЭ Iэщэр зыт Урысей Федерацэм и гражданхэу илъэс 18 ныбжьым нэсахэу щыпсэу щIыпIэм е Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэу здэщыIэм щатахэм абы пэкIуэ мылъкур яIэрыхьэну хуитыныгъэ яIэщ. Ахъшэр гражданиным и счетку кредит Iуэхущlапlэхэм къыщыхьэхуэ-хэм е пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ Iэрагъэхьэнущ.

ЦIыхухэм я фIэфIыныгъэкIэ ят Iэщэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ пэкIуэ ахъшэр зыхуэздизыр

№ п/п	*Iэщэм, абы и Iэмэпсымэхэмрэ къагъауэ веществохэмрэ*	*Пэкlуэ сом бжыгъэр*
1.	КIэрахъуэ, револьвер	4000
2.	Автомат	4800
3.	Пулемет	5600
4.	РПГ-7, 7В, 27 гранатэдз	6400
5.	Гранатэдз РПГ-7, 7В и 27	8000
6.	РПГ-18, 22, 26, 27 зэ къэгъэсэбэпыгъуэ гранатэдз	7200
7.	СВД фоч	5600
8.	КIэрахъуэ-пулемет	4800
9.	ЩакIуэ карабин	4000
10.	ЩакIуэ фоч	2400
11.	ГазкIэ лажьэ кIэрахъуэмрэ револьверымрэ	800
12.	КIэрахъуэ, револьвер Iэрыщ	4000
13.	Къагъауэ вещество (тротил, аммонит, гексоген, нэгъуэщIхэри) зы граммым	3
14.	Къагъауэ Iэмэпсымэ (ВВ, СВ-хэри хьыхьэу)	2400
15.	Къызэрагъауэ Iэмэпсымэм (электродетонатор, капсюль-детонатор...) мафIэ, электрокъару зэрыкIуэ кIапсэхэр - метр бжыгъэм тещIыхьауэ	80
16.	Танк зэракъутэ хьэрэкIытIэ	4000
17.	РПО-А мафIэдз	4800
18.	Гранатэдз (ВОГ-30, 25, 25П) и шэ	2400
19.	Гранатэ (Ф-1, РГО, РГН, РКГ-3ЕМ, РГ-42)	1600
20.	Инженер лагъымым (сапер лагъым)	800
21.	ПIэтIрон, шэ къэс	8

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Правоохранительными органами Кабардино-Балкарской Республики за совершение убийств, посягательств на жизнь сотрудников правоохранительных органов и военнослужащих, совершение иных тяжких и особо тяжких преступлений, разыскивается 26 жителей КБР, находящихся в международном и федеральном розыске.

УМВД РФ по г.Нальчику

Джангуразов Хаким Муратович, 20. 12. 1977 г. р., зарегистрирован по адресу: КБР, п. Хасанья, пер. Майский,13.
В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска - УМВД России по г. Нальчик.
РД №91/9-06 (по ст. 205 УК РФ УД №25/78-05)

Кушхов Мурат Баширович, 17. 04. 1977 г. р., зарегистрирован по адресу: КБР, п. Кенже, ул. Катханова, 66.
В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска - УМВД России по г. Нальчик.
РД №91/5-07 (ст. 205 УК РФ УД №25/78-05)

Техажев Залимхан Мухамедович, 04. 10. 1981 г. р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Гагарина, 170/127.
В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска - УМВД России по г. Нальчик.
РД №030/26-06 (ст. 205 УК РФ УД №25/78-05)

Мурзабеков Заурбек Мухамедович, 07. 08. 1977 г. р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Кирова, 331, кор.13, кв. 38.
В федеральном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска - УМВД России по г. Нальчик.
РД №92/10-99 (ст. 317 УК РФ УД №04/46-99)

Абидов Замир Амдулахович, 27. 08. 1972 г. р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Шалушкинская, 1, общ.
В федеральном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска - УМВД России по г. Нальчик.
РД №28/89-08 (ст.ст. 222 ч. 2, 317УД №71/37-08)

Сижажев Ахмед Олегович 10. 04. 1982 г. р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Карашаева, 102 -а-.
В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска - УМВД России по г. Нальчик.
РД №28/28-09 (ст.ст. 317 105 УК РФ УД №71/12-09)

Шебзухов Залим Борисович, 06. 10. 1986 г. р., зарегистрирован по адресу: г. Нальчик, ул. Ватутина, 33, кв. 19.
В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска - УМВД РФ по г. Нальчик.
РД №080/12-14 от 19. 03. 2014 (ст. 208 ч. 2 УК РФ, УД №74-02-10)

Казгериев Амир Русланович, 14. 12. 1986 г. р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нарткала, ул. Боркаева, 5, кв. 69.
В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска - УМВД России по г. Нальчик.
РД №080/28-14(ст. 222 ч. 2, ст. 317 УК РФ. УД № 71/27-14

Табухов Иноят Усманович, 20. 10. 1988 г. р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Московская, 3, кв. 114.
В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска - УМВД РФ по г.Нальчик
РД №81/25-12 от 18. 12. 2012 (ст.ст. 222 ч.2, 105 ч. 2 УК РФ УД №71/231-12)

УМВД РФ по г.Нальчику

Занкишиев Роберт Владимирович, 06. 06. 1988 г. р., зарегистрирован по адресу: г. Нальчик, ул. Ингушская, 25 -а-, кв.69.
в федеральном розыске: мера пресечения - не избиралась, инициатор розыска - УМВД РФ по г. Нальчик.
РД №82/20-13 (ст. 208 ч. 2 УК РФ, УД №70/56-13)

Шогенов Мурат Анатольевич, 11. 05. 1984 г. р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Ингушская, 9-а-, кв.34.
В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска - УМВД РФ по г. Нальчик.
РД №82/19-13 (ст. 208 ч. 2, 222 ч. 3 УК РФ, УД №70/56-13)

МО МВД России «Баксанский»

Касаев Артур Мухамедович, 28. 04. 1975 г. р., зарегистрирован по адресу: КБР, Баксанский район, Кызбурун-3, ул. Кирпичная, 79.
В федеральном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска - МОМВД России «Баксанский».
РД №55/84-99 (ст. 317 УК РФ УД №04/46-99)

Шериев Астемир Асланович, 11. 06. 1991 г. р., зарегистрирован по адресу: г. Баксан, ул. Ногмова, 50.
В федеральном розыске, мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска - МО МВД России «Баксанский».
РД №5/15-13 (по ст.ст. 222, 162, 317, 167 УК РФ, УД №73/37-13

Ныров Вячеслав Леонидович, 06. 11. 1982 г. р., зарегистрирован по адресу: г. Баксан, ул. Ломоносова, 63.
В федеральном розыске, мера пресечения - не избиралась, инициатор розыска - МО МВД России «Баксанский».
РД №5/25-13 (ст. 208 ч. 2 УК РФ УДN25/217-13)

Абазов Мартин Адилович, 15. 12. 1982 г. р., зарегистрирован по адресу: с. Дыгулыбгей, ул. 400-летия, 232.
В федеральном розыске, мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска - МО МВД России «Баксанский».
РД №5З24-14 (ст. 167, ч. 1 222, 317 УК РФ, УД №72/65-14)

ОМВД России по Зольскому району

Озов Музарин Аликович, 15. 04. 1982 г. р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Баксан, ул. Дымова, 23.
В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска - ОМВД России по Зольскому району.
РД №7/2-11 (ст.ст. 317, 222 ч. 2 УК РФ УД №72/13-11)

Мидов Рустам Бесланович, 28. 01. 1984 г. р., зарегистрирован по адресу: п. Залукокоаже, ул. Калмыкова, 5.
В федеральном розыске, мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска - ОМВД России по Зольскому району.
РД №07/10-14 (ст. 208 ч. 2 УК РФ, УД №7/58-14)

УФСБ России по КБР

Шекихачев Тимур Анатольевич, 19. 08. 1972 г.р., зарегистрирован по адресу КБР, с. Дейское, ул. Мальбахова, 135, кв.3.
В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска - УФСБ России по КБР.
РД №19/07-11 (ст.ст. 208 ч. 2, 222 ч. 2 УК РФ УД№3715-05).

ОМВД России по Эльбрусскому району

Бекаев Аслан Назирович, 31. 05. 1971 г. р., зарегистрирован по адресу: КБР, Эльбрусский район, п. Эльбрус, д.1 кв.25.
В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска - ОМВД России по Эльбрусскому району.
РД №4209 (ст. 205 УК РФ УД-91169)

Атмурзаев Бузджигит Хасанович, 25. 06. 1979 г. р., зарегистрирован по адресу: КБР, Эльбрусский район, с. Кенделен, ул. Бештокова, 10.
В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска - ОМВД России по Эльбрусскому району.
РД №13/1-08 (ст. 208 ч. 1,2 УК РФ УД 70/44-07)

ОМВД России по Чегемскому району

Жанимов Алим Хасанбиевич, 01. 02. 1978 г. р., зарегистрирован по адресу: КБР, Баксанский район, с. Кызбрун 3, ул. Пушкина, 7, проживал по адресу: КБР, Чегемский район, с. Нартан, ул. Клишбиевская, 30.
В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска - ОМВД России по Чегемскому району.
РД №17/10-06 (ст. 205 УК РФ УД №25/78-05)

Жириков Аслан Аниуарович, 13. 12. 1976 г. р., зарегистрирован по адресу: КБР, Чегемский район, с. Шалушка, ул. Северная, 76.
В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска - ОМВД России по Чегемскому району.
РД №17/14-06 (ст. 205 УК РФ УД №25/78-05)

Жириков Арсен Аниуарович, 15. 09. 1974 г. р., зарегистрирован по адресу: КБР, Чегемский район, с. Шалушка, ул. Северная, 130 (д.76).
В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска - ОМВД России по Чегемскому району.
РД №17/6-07 (ст. 205 УК РФ УД №25/78-05)

Биттиров Эльбрус Хизирович, 15. 08. 1970 г. р., зарегистрирован по адресу: КБР, Чегемский район, с. Чегем-2, ул. Степная, 47.
В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска ОМВД России по Чегемскому району
РД -4210 (ст. 205 УК РФ УД №91169)

Боготов Аслан Хасанбиевич, 30. 05. 1987 г. р., зарегистрирован по адресу КБР, Чегемский район, г. Чегем 1, ул. Школьная, 252.
В федеральном розыске, мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска - ОМВД России по Чегемскому району.
РД №17/13-14 (ст. 208 ч.2, УК РФ)

УФСБ России по КБР

Кавдинов Рафаэль Анатольевич, 29. 10. 1980 г. р., зарегистрирован по адресу: КБР, с. Терекское, ул. М.Тюрек, б/н.
В федеральном розыске: без меры пресечения, инициатор розыска - УФСБ РФ по КБР.
РД №121-06 (ст.ст. 208 ч. 2, 222 ч. 2 УК РФ УДN3715-05).

Уважаемые жители Кабардино-Балкарской Республики!

Если вы располагаете информацией о месте нахождения указанных лиц, совершенных или готовящихся преступлениях, просьба на условиях строгой конфиденциальности звонить по следующим телефонам: Дежурная часть МВД по КБР: 40-49-10; 49-53-02, Управление уголовного розыска МВД по КБР: 47-65-82; 49-52-62; 49-51-32; 49-50-06. Полная анонимность гарантируется.

Ливадие унэр.

Массандрэ унэм и шыгъуэгумкIэ укъыщеплъмэ.

Никитскэ хадэм и зы теплъэ.


Учан-Су псыкъелъэр.

Къ р ы м хытIыгуныкъуэ

● Гъуэгуанэ тхыгъэхэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр №№226, 227-хэм итщ).

Налкъутым ирагъэщхь Ялтэ

«ДУНЕЙМ укъытехьэну уи насып кIихьамэ, гъащIэр Ялтэ щыбгъэкIуэн хуейщ», - жаIэ, а къалэм цIыхум и узыншагъэмкIэ мыхьэнэуэ иIэр къалъытэу. Бгы, хы, мэз, псы ежэх, парк бжыгъэншэхэр - а псоми мы къалэм и хьэуар ягъэкъабзэ.

ЗэратхымкIэ, XII лIэщIыгъуэм мы щIыпIэм щыIа хьэрып географ, зыпIыхьакIуэ Идриси и Гукъэкlыжхэм къыхощ Джалитэ къалэр. Ялитэ, Этелитэ, Каллитэ щIэхэри къытенащ генуэз хы картэхэм. Алыджхэм Ялос фIащат, хы Iуфэ» къикIыу.

Урысей империем Кърымыр къыщиэуам, Ялтэ алыдж бдзэжьеящэхэр зыдэс къуажэ щIыкIуу арат. Новороссийск крайм и генерал-губернатор Воронцов М. С. гъэзэгъэмкIэ къыщIидзащ мы щIыпIэм зригъэужьыныр. 1837 гъэм Ялтэ - Алуштэ - Симферополь къалэхэр ззэзыпх гъэзэгуфIэр иригъэщIащ, 1848 гъэм абыхэм Севастополи къахьыхьащ. Гъэзэгу здэщIыIэм - гъащIи щIэщ. Император Николай I и унафэкIэ 1838 гъэм Ялтэ ираташ къалэ статусыр.

Урысейм и аристократием я зыгъэпсэхупIэ хъуну абы щыщIидзар пащтыхьыгъуэр зыIыгъ унагъуэм Ливадие щIыпIэр къыщIэхуа нэужьщ. Къулейхэм хьэщIэщхэр, дачэхэр, санаторэхэр яухуэу, уэрамхэр яубзыхуу, паркхэр ящIу зэрыхуежьам и фIыгъэщ XX лIэщIыгъуэм Ялтэ европей зыгъэпсэхупIэ нэхъыфIхэм ефIэкI зэрыхъуар.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэраци, XIX лIэщIыгъуэм псэуа архитектор цIэрыIуэхэм я проектэмкIэ яуха унэхэр, зыгъэпсэхупIэхэр, театрхэр, тхьэелъэIупIэхэр, н. къ. зэманым дэкIуэдыжакъым, уеблэмэ я ныбжьым хэхъуэхукIэ езыхэм нэхъ «залъэщIу» къыщIохъу. Ялтэм Урысейр нэхъ къулеиуэ пIэрэт, лIэщIыгъуэхэм ядэбжьыдIэн, ди ялэ итахэм я зэфIэкIыр иджы нэрылъагъу тщIысыщI унэхэр щаухуэм? Иджы, къапщтэмэ, Налшык къыдагъэувэхэм, архитектор IэщIагъэ зиIэ ди лъэхъэнэм щымыIэж хуэдэу къыпщагъэхъу. Курорт къалэ цIыкIуу ягъэдахэу, яухуэу щIадза Налшык абы и лъэныкъуэкIэ къэгъаэз имыIэу фIэкIуэдагъэнущ иIэфыну щыта теплъэр. А гукъеуэр къумыIуатэу плъэкIыркъым, унэ, уэрам щIыныр, хьэблэщIэ убзыхуныр кIэрыуIтыпщ пщIы хъуну Iэхухэм ящыщкъыми.

Ялтэ бгы джабэм кIэрысщ, Ай-Петри Iэащхьэм укъекIуэтэхьухкIэ, хьм пэгъунэгъу хъууэ. Хы Iуфэ уэрам гъэщIэрэщIам Лениным и щIэр зорехьэ. Езы уэрамыр бгъуэщ, дахэщ - зы лъэныкъуэмкIэ хыщ, адрейркIэ хьэщIэщ, пансионат, кафе, тыкуэн, банк, н. къ. IэхущIапIэхэщ. Абыхэм ящыщ зыщ Чехов А., Горький М., Маяковский В., нэгъуэщIхэри къыщыувыIэу щыта «Мариино» хьэщIэщ цIэрыIуэр. Пэжыр жыпIэнумэ, XIX - XX лIэщIыгъуэхэм Ялтэ зыщызыгъэпсэхуу щыта цIыху цIэрыIуэхэр апхуэдизкIэ куэдщи, къеббжэкIын къудейри кIыхь хъунущ. Ауэ зым гу лъыботэ: Ялтэ нэхъыбэу цIыпIагъур ткакIуэ-усакIуэхэм я фэеплъщ, Севастополрэ Симферополрэ - дзэзешэхэм. Абы и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ. Ялтэ дэтщ Чеховым, Горькэм, Семеновым Юлиан, нэгъуэщIхэми я феплъхэр. Абыхэми ялэIуэкIа ящIа унэхэми я теплъэм хьэкъ пщащI «монументально-декоративное искусство», «монументальное искусство» гъуэзджэ лIэужьыгъуэхэм я фIыпIэр зрахьэлIахэм гъащIэшхуэ щIаIэм и щхьэусыгъуэр.

Архитектурэ и лъэныкъуэкIэ Ялтэ бей, щIэщыгъуэ ящI абы тхьэелъэIупIэу дэтым. Псалъэм папщIэ, 1902 гъэм Невский Александр и фэеплъу яухуащ дахэ дыдэу гъэщIэрэщIа тхьэелъэIупIэ, тхьэелъэIупIэ-фэеплъ хуагъэуващ урысей пащтыхьхэу Александр II, Александр III. Рим католик костелыр, Щихъ Рипсим и цIэр зезыхьэ ермэлы члисэр, н.къ. куэдми Ялтэ къыпщагъэхъу дуней псом щэнхабзэ, гъуэзджэ IэхухэмкIэ я курыкупсэу, мыбы щымыпсэуам, и лъэужь гуэр къыщIызымынам мыгъуэр имыгъуаэ къыщалъытэ зэман щыIауэ.

Ялтэ пащтыхьхэм, зэфIэкI зиIэхэм къэзрагъэIурыщIа щыкIэм, лIэщIыгъуэхэм дэмыкIуэдыжьын беягъыу абыхэм къащIэнам цIыху гъащIэр зэрымахэм, ауэ абы и Iэдакъэщ Iэкым лIэщIыгъуэ куэд къызэрызэринэкIыфынум урегъэгупсыс. А гупсысэр щIэзыгъэбыдэщ дуней псом щыщIэрыIуэ Никитскэ ботаникэ хадэр - Лъэпкъ щIэныгъэ центрыр. 1972 гъэм абы ЩIэныгъэ музей къыщызэIуахащ.

Никита алыдж къуажэ цIыкIур здэщысам 1811 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 10-м ботаникэ хадэ къызэрыщызэрагъэпэщым теухуа унафэм император Александр I Iэ щIидзауэ щытащ. А жыг хадэм и унафэщI IэнатIэр хуагъэфэщат ботаник щIэныгъэлI, энтомолог (хьэпIащIэхэр зыдж), жыг гъэкIыным хуэIэкIуэлъакIуэ Стевен Христиан. Абы и фэеплъ итщ паркым уздихьэм.

Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт илъэс 1000 зи ныбжь жыг. Мы хадэм итщ апхуэдэ - ар зейтун къызыпыкIэ, «маслина европейская» жыхуаIэрщ, уеблэмэ 2010 гъэм «Украинэм и жыг ныбжьышхуэ зиIэ» статусыр абы къратащ. Хьэмэрэ Пушкин Александр и таурыхъ цIэрыIуэм хитха «У лукоморья дуб зеленый» псалъэхэр зытрижьIыхьа жыгыр. Абы илъэс 500 и ныбжьщ. Пэжщ, ткакIуэ гъуэзэджэр Къырымым куэдрэ щыIакъым, зэрыжаIэмкIэ, джыназ Воронцовымрэ абырэ зэфIэкъэкIыми.

Никитскэ садыр плIыуэ зэхэтщ: «Ищхьэрэ» жыхуаIэр ялэ дыдэу зэлэжьаращ, «Ипщэ» паркыр XIX лIэщIыгъуэм яубзыхуащ, «Приморский» зыфIащар къызэрагъэпэщат хадэр илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу, «Монтедор» (мы щIыпIэм хы Iуфэм уIуешэ) Iыхьэр ягъэдахэу щыщIадзар Хэку зауэшхуэ нэужырщ. А плIыри гектар 1000 мэхъу. Къэкlыгъэ зэмыщхьу мин 30 итщ, континент псоми кърашауэ.

Мыбы езым иIэжщ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт, къэрал 80-м ядэлажьэу. ЩIэныгъэлIэр йолэжь хуэрэджэ, щIыпцIэщIыдэ (миндаль), шхыпцIэ (инжыр), шэфтал, хьурмэ, удз гъагъэхэм я лIэужьыгъуэщIэхэм.

Пащтыхьхэм я хэщIапIэхэр

КЪРЫМЫР, зэрыжаIащи, апхуэдизкIэ унэ дахэхэмкIэ бейщи, а щIыпIэр зэрыщIту музейм хуэдэу къыпщагъэхъу: «Ливадийский дворец-музей», «Алупкинский дворец-музей», «Массандровский дворец-музей», «Ханский дворец-музей», «Воронцовский дом», «Имение Юсупова», «Дворец Кичкинэ», нэгъуэщI куэди щыIэщ мыбы, цIыхухэм я кIуапIэу, зыщапIыхьу. Абыхэм ящыщу сэ слъэгъуар Ливадиерэ Массандрэрэ щыIэ пащтыхь унэхэрщ.

Ливадием теухуауэ. 1834 гъэм Ливадиер граф Потоцкэм къищэхури, унэшхуи иригъэщIыхьащ, ар къызыхэлидыкIын жыг хади хригъэсащ. «Удельное ведомство государя-императора» жыхуаIэм 1860 гъэм ар Потоцкэм деж къыщIэщхужри, император Александр II и зыгъэпсэхупIэ ящIащ. Псалъэм папщIэ, Александр III, Николай II я унагъуэхэр я гъусэу абы зыщагъэпсэхуу щытащ.

XX лIэщIыгъуэм а унэр къемызэгъыжу къалъытауэ арагъэнти, ар зытрагъэхьжри, щIэуэ яухуащ ди зэманым къэса унэр. Абы щыгъуэ ахъшэшхуэ хьууэ щыта сом мелуаниплI зытекIуэда унэ дахащэм Николай II плIэ фIэкIа щыхьакъым. Ялэ дунейпсо зауэр къыщежьам абы идэртэкъым жаIэ Ливадием зыщигъэпсэхуну, Iуэху иIэу Къырымым кIуами. Къэралыр зауэу, езым и нэгу зригъэужьыну къригъэкIуртэжьым.

Революцэ нэужьым пащтыхьым и унэр мэкъумэщIэхэм я зыгъэпсэхупIэ хъуащ. Аращ 1945 гъэм Ялтэ конференцыр - СССР-м, США-м, Великобританием я унафэщIэхэр щызэIущIар - щекIуэкIар. 1974 гъэ лъандэрэ Ливадие унэр музейщ, мин бжыгъэкIэ цIыхухэм зыщапIыхьу. КIэщI дыдэу аращ абы хужьпIэфынур.

Массандрэ щыIэ унэр джаназ Воронцов М. С. иригъэухуэн щIидзащ 1881 гъэм (франджы архитектор Бушар Э. и проектIэ). Воронцовыр лIэри, унэр ныкъуэщIу къэнауэ ар император унагъуэм щхьэкIэ къащхьухэщ икIи архитектор Месмахэр М. нигъэхьажауэ щытащ. «Верхсаль цIыкIукIэ» еджэрт зыщыбгъэпсэхуным нэхъ тещIыхьауэ яуха унэм.

Романовхэ я тетыгъуэр яухуу Совет властыр ягъэува ижь, ар парт унафэщIхэм я къэрал дачэ хъуащ. Уеблэмэ Сталин И. В. 1948 гъэм зыщигъэпсэхуат мыбы. Советхэм унафэр яIыгъыхукIэ, мы щIыпIэр зэхуэщIауэ щытащ, ар музейуэ къыщыдзэIуахар 1992 гъэрщ.

Пэжыр жысIэнщи, сэ абы дакъикъэ зыбжанэщ сызэрыщIэтыфар: си гур зыгуэрым икъуэ хуэдэу къысщыхъури, сыкъыщIэкIыжащ. ФIыуэ слъагъуркъым щIэиным сыхэпльэн. Узыхуэмей куэдым урегъэгупсыс. Пащтыхьхэм унэхэр, тхьэелъэIупIэхэр, члисэхэр яухащ, ауэ гупЪытэ хуащIыфакъым а лэжьыгъэ хьэлъэр зи фэм дэкI цIыхубэм. Яухуахэр къэнащ, езыхэр цIыхубэм я губжьым ихьащ. УнафэщIхэм тхыдэм дерс къыхахыфу щытами! 1917 гъэм Урысейр зэтезыкъута революцэр иджы ящI «революцэ щхъуэкIэплъыкIэхэм» ящыщагъэнущ. Нэхъ лъэщыр хьэрхуэрэгъу къахуэмыхъын щхьэкIэ зэтракъутэнракъэ политикэм и Iэщэ нэхъыщхьэр?! «Европей лъэпкъэм я Iуэхур 1900 - 1912 гъэхэм зэрекIуэкIам хуэдэу 1950 гъэм нэсмэ, Урысейр XX лIэщIыгъуэм икуэм Европэм ефIэкIынущ политикэмкIи финансэмкIи», - итхыгъащ франджы экономист Тери Эдмон. Ар щхьэусыгъуэр ирикъукъэ къэралыр зэхэпкъутэным?

Къырымым сызригъэгупсысараци, апхуэдиз къару зытекIуэда щIыпIэр Урысейм къызэрыхьыхьэжам ефIэкIын къэхъукъащIэ XXI лIэщIыгъуэм дигъэлъагъуну си фIэщ хъуркъым, ари мы дунейр зэфIэтмэ. Кедрин Дмитрий «Крым» зыфIища и уэсм мыпхуэдэу щыжеIэ:

Борясь, работая, любя,
Как трудно дался этот край,
Не забывай, не забывай!..

Мы уэср мыпхуэдэ сатырхэмкIэ еух:

Тогда мы выпили до дна
Бокал мускатного вина,-
Бокал за Родину свою,
За счастье жить в таком краю,
За то, что Кремль, за то, что Крым
Мы никому не отдадим.

ЩхьэхуимыIуту псалъэ хэIэтыкIа жыпIэну урахулIэ дунейм къыщыхъумрэ Урысейр дагуэну яужь зэритымрэ. Ауэ унафэщIхэм жаIэм фIэкIа имыIэу едэIуэн хуейуэ къалъытэу къыщIэкIынукъым цIыху къызэрыгуэкIхэм: санкцэхэм ебакъуэри, Ялтэ къэкIуащ Германием къикIа цIыху щитху хуэдиз. Абыхэм мы щIыпIэ теЪыджэр ягу зэрырихьам теухуауэ жаIар журналистхэм ятхыжащи, гурыIуэгъуэщ Къырымым къызэрытрагъэзэнр. Сэри си гум дыхьащ щIым, уэгум, псым, щIэныгъэм, цIыхуIэм къагъэщIа дахагъэр. ПIсэр щытынш щIыпIэ бейщ ар.

ШИРДИЙ Маринэ.

Рим-католик костёлыр.

ЗыгъэпсэхупIэ цIыкIум и гупэм кактус зэмылIэужьыгъуэ куэд щагъэкI.

Щихъ Рипсим хуауха ермэлы члисэ.

Чехов А. П. и унэ-музейр - «Белая дача» жыхуаIэр.

Бухъар эмиратым и унафэщIым и унэу щытар.

Дыжьынпс псыкъелъэр.

Ялтэ и зы теплъэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, НэщIэпыдэж Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, ЩхьэщIэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ IапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; суэтэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхутыгъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зыгъахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ IапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкъ Соня, редактору Щоджэн Iэминат, корректору Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ПхытIыкI Адэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорым и дзIэпыкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатIимэ.** *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *суэтэхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.648 ● Заказ №2266